# «Йæ цард гъе ныр дæр у сæдæ»!



Хетæгкаты Къостайы райгуырды 163 азы бон

Сценари бацæттæ кодта Байсæгъуырты Мæринæ

Æз бирæ æвзæгтæ куы зонин,
Куы базонин се'ппæты тых.
Æз дзыллæты Ирмæ æрхонин,
Æгъдауæн сын аргæвдин фыс.

Фыццаг сæм иронау сдзурин,
Сæ хистæрмæ раттин сыкъа.
Æз кæмттæн сæ нæмттæ фæдзурин,
Кæм райгуырд æнустæм Къоста!

Уæ бон хорз æмæ уæм фарн бадзурæд! Æрхæццæ ис 15 октябрь ирон æвзаг æмæ литературæйы бындурæвæрæг Хетæгкаты Къостайы райгуырæн бон.

Фæззæг! Сызгъæрин фæззæг! Бæркадджын фæззæг! Ацы рæсугъд афæдзы афон, æппæ Иры адæм бæрæг кæнынц Хетæгкаты Къостайы райгуырæн бон. Азæй-аз кадджын дæр æмæ бæрзонд дæр кæны Къостайы ном. Нæ ирон литературæйы æрттивгæ стъалы Къоста махæн у нæ лæугæ хох æмæ нæ цæугæ мæсыг.

Ирон номдзыд адæмон поэт, ирон аив литературæ æмæ литературон æвзаджы бындурæвæрæг, фыццаг ирон нывгæнæг, зынгæ æхсæнадон архайæг Хетæгкаты Леуаны фырт Къоста райгуырди 1859 азы 15-æм октябыры, Цæгат Ирыстоны, Уæлладжыры комы, Нары хъæуы.

Йæ фыд Хетæгкаты Леуан уыдис зондджын æмæ адæмы æхсæн дзырддзæугæ адæймаг. Леуанæн Къоста уыд йæ иунæг фырт æмæ йæ уарзта тынг бирæ.

Къостайы мад Маро амард, Къоста ма хæрз чысыл сывæллон куы уыд, уæд. Уымæ гæсгæ Къостайы хъомылкæнынмæ радтой се'рвадæлты чындз Чендземæ. Чендзе Къостайы бауарзта йæхи хъæбулы хуызæн æмæ йæ хи хъæбулау рæвдаугæ дæр кодта. Уыцы хорздзинад Къоста нæ ферох кодта суанг йæ амæлæты бонмæ æмæ Чендзейæн йæ ном аргæ дæр скодта тынг зæрдæбын æмæ фæлмæн ныхæстæй:

Мæн иу ус фæхаста…
Сывæллон ахуыр,
Йæ дзидзи нæ ласта
Мæ дзыхæй, мæгуыр.

Куыд фæрæзта уыйас-
Æппæтæй дæр фаг!
Фæцардтæн æм иу аз
Фæдæн æм дыккаг, - зæгъы Коста йæ зындгонд поэмæ «Чи дæ» - йы.

Кæд уæззау уыдысты Къостайы сывæллоны бонтæ, уæд дæр тырныдта зонындзинæдтæм, фæндыдис æй ахуыр кæнын. Леуаны дæр фæндыд, цæмæй йæ фырт сахуыр кæна.

## Æмдзæвгæ «Ныстуан»

Ныббар мын, кæд-иу дæм мæ зарæг,
Кæуæгау фæкæса, мыййаг, —
Кæй зæрдæ нæ агуры хъарæг,
Уый зараед йæхи фæндиаг!..

Æз дзыллæйæ къаддæр куы дарин,
Куы бафидин искуы мæ хаес,
Уæд афтæ æнкъардæй нæ зарин,
Нæ хъуысид мæ кæуынхъæлæс…

# Презинтаци

Къоста… Чи нæ зоны ацы ном ирыстоны? Ацы номимæ кæй зæрдыл не 'рлæудзысты «Ирон фæндыр»-ы зæлланг зарджытæ?.. Къостайы хъуыдытæ сæрибарыл, йæ зæрдæйы сагъæстæ царды тых æмæ хъару лæвæрдтой фæллойы фарн удирвæзынгæнæг кæмæн уыд, уыцы адæмæн, дзыллæтæн. Уымæн æй хонæм «Нæхи Къоста».

Æмдзæвгæтæ:

## «Лæгау»

Фест райсомœй лœгау,
Ныхс сапонœй дœхи
Ǽмœ-иу скув: «Хуыцау,
Фœдзœхсын дыл мœхи!»

Дзул к ' уаид уœд бœргœ,
Дœу дœр дзы хай фœуид!
Куы нœ уа, уœд хœргœ!
Кœрдзынœй стонг œрвит !

Цœттœ дœ хызын дар,
Тагъд де скъоламœ уай!
Ǽнœзивœг куы уай,-
Хуыздœрбынат дœ бар!

Зондамонœгмœ хъус,
Цы зœгъа, уый-иу  кœн,
Зœрдœхъœлдзœгœй кус,
Ǽмœ баззай лœгœн!..

## «Дзывылдар»

Ǽнгуырдар – дзывылдар,
Кæм хæтыс зымæг?
Цы бæстæ, цы хæхтæ
Фæтæхыс уынæг?

Кæм рæзынц, кæм цæрынц
Дæ хотæ, дæ мад?
Тæхуды, тæхуды,
Кæмæн ис дæ цард!

## «Зæрватыкк»

Зæрватыкк — æнæхъыг,
Æнæмаст цæрæг!
Дæ зарæг — нæ дарæг,
Нæ уалдзæггæнæг!

Хъæлдзæгæй, æвзыгъдæй
Фæхæтай фæрнæй
Нæ хæхты, нæ бæсты,
Æлдар кæмæн нæй!

## «Азар»

Æз дæ зарынмæ куы хъусын,
Уæд хъæлдзæгдæрæй фæкусын,
О, мæ хуры хай, —
Азар-ма, чызгай!..

Мах бар нал ысты нæ сæртæ…
Азар, цалынмæ дæ зæрдæ
Не ссау фырмæстæй,
Адæмы мæтæй!..

Адæмæн зæхх у сæ дарæг…
Азар!.. Ракæ мыл-иу хъарæг, —
О, мæ бон, — иу зæгъ, —
Байстой нын нæ зæхх!..

Нал дæ бахъæудзæн ныр рувын...
Азар!.. Сахуыр мæ кæ кувын!..
Ма  фæлидз тæргай,
О, мæ хуры хай!..

## «Усгур лæппуйы мæт»

Мæ хуры хай,
Рæсугъд чызгай,
Куы нæ дæ федтаин, бæргæ!..
Дæ хъазынмæ,
Дæ зарынмæ
Кæм лæууы иунæджы зæрдæ!..

Дæ дзыхы дзырд
Æнæ рæдыд
Ныццæвы зæрдæйы кæрон!..
Цы кæндзынæн,
Куыд цæрдзынæн
Æнæ дæу, амæддаг дын уон!

Къоста - ирон адæмы хурты хурзæрин, æнустæм æрттиваг стъалы, ирон адæмы ныфс, кад, намыс, национ литературæ, културæ æмæ аивады бындурæвæрæг. Къостайы хъæздыг, æгæрон хæзнадоны ад чи банкъардта, уыцы адæмты 'хсæн удыгас цыртдзæвæнау цæры Хетæджы фырт йæхæдæг дæр.

Къоста! Нæхи Къоста!

Ирон адæмы цæугæ хох, лæугæ мæсыг.

Куыд æхсызгон у дæ ном дзурын. Абон, кæфты мæйы фынддæсæм боны, сæдæ æхсай дыууæ азы сæххæст Иры уарзон хъæбул Хетæгкаты Леуаны фырт Къостайы райгуырдыл.

Æмдзæвгæтæ «Азар»

Æз дæ зарынмæ куы хъусын,
Уæд хъæлдзæгдæрæй фæкусын,
О, мæ хуры хай, —
Азар-ма, чызгай!..

Мах бар нал ысты нæ сæртæ…
Азар, цалынмæ дæ зæрдæ
Не ссау фырмæстæй,
Адæмы мæтæй!..

Адæмæн зæхх у сæ дарæг…
Азар!.. Ракæ мыл-иу хъарæг, —
О, мæ бон, — иу зæгъ, —
Байстой нын нæ зæхх!..

Нал дæ бахъæудзæн ныр рувын...
Азар!.. Сахуыр мæ кæ кувын!..
Ма  фæлидз тæргай,
О, мæ хуры хай!..

Скъолайы лæппу

-Кæй фырт дæ? Толайы.
-Кæм уыдтæ ?Скъолайы.
Алы бон дæр дзы вæйййын,
Фæкæсын Абе-тæ,
Фæфыссын Бе-ве-тæ,
Ахуыр кæнынмæ бæллын!

## «Салам»

Хуыцауæй арфæгонд нæ фестæм,
Нæ сæртæ нал ысты нæ бар,
Æмæ дзæбæх зæгъынхъом не стæм
Дæуæн, фæлæ нын æй ныббар!..

Нæ зонд - цыбыр, мæгуыр - нæ зæрдæ,
Æдых, фæллад лæгау, нæ дзырд…
Фыдæн нæ дзыллæйæн æгæр дæ,
Æвгъау у мах хæхтæн дæ цыт!..

## «Уасæг»

О, уасæг, уасæг,
Сызгъæрин къоппа!
О, уасæг, уасæг,
Сырхзæлдаг боцъо!
Куыд раджы фестыс,
Куыд хъæрæй зарыс?
Нæ буц лæппуйы
Хуыссын нæ уадзыс!

## «Мæгуыры зæрдæ»

Зымæг нæ хæхты цух нæ уадзы, —
Лæджы æмбæрц æруары мит;
Æфцæгæй коммæ уад дзыназы;
Их донил саразы йæ хид.

Æхсæвæн нæм кæрон нæ вæййы…
Тæхудиаг кæм нæ у сæрд!
Сæнар кæмæ нæй, уый ныссæйы, —
Цырагъ нæм чи судзы фæсхæрд?!.

Нæй кад мæгуыр лæгæн йæ куыстæн, —
Йæ сихор, йе хсæвæр — йæ мæт;
Иæ уат — ыскъæт, зыгуым — йæ лыстæн,
Хъæбæр — йæ цъæх хуыссæн нымæт…

Кæд рухс нæ баййафы йæ цардæй,
Йæ бон кæд арвиты зынтæй, —
Уæддæр нæ ныххуыссы æнкъардæй —
Йæ зæрдæ хъал вæййы фынтæй.

«Фæззæг»

Æхсæлы ызгъæлы,
Лæджирттæг фæбур,
Мигъ бады цæгаты,
Нæ йæ тавы хур…

Æркарстам, æрластам
Нæ хортæ, нæ хос…
Чи кусы йæ мусы,
Чи ’лвыны йæ фос…

Хор бирæ, фос бирæ
Хуыцауы фæрцы…
Нæ хохбæсты бæркад
Цы диссаг дæ, цы!

Къоста йе 'ргом уæлдай тынг дæр здахын байдыдта нывтæ кæнынмæ. Нывтæ кæныны хъуыддаг рагæй дæр йæ зæрдæмæ тынг цыд.

Къоста ацы ныввы равдыста æрдзы рæсугъддзинæдтæ. «Æрдзон хид» Къоста федта Кубаны хæхты. Дыууæ къæдзæхы æхсæн рахауд дынджыр дур æмæ дзы рауад æрдзон хид. Хиды фæйнæ фарс Къоста æвдисы рæсугъд бæрзонд дыууæ бæласы, сæ фæстæ бæрзонд цъитиджын хæхтæ.

Хохаг сывæллæтты царды уæззау нывтæ ирд æмæ бæлвырдæй зынынц Къостайы иннæ ныв «Донхæссынмæ» - йы дæр. Уынæм дзы хуры хуызæн рæсугъд, аив, хæрзконд, æрыгон сылгоймаджы æмæ фырыхъулы хуызæн, цардбæллон сывæллоны сурæттæ. Сывæллонæн ис стыр, рæсугъд, æнæхин цæстытæ. Уый йæ чысыл къухы æнгуылдзтæй фидар хæцы йæ мады фæдджийыл æмæ ныфсджын къахдзæфтæй цæуы йемæ хохаг зындзæуæн гакъон – макъон фæндæгтыл.Ацы нывмæ кæсгæйæ, адæймаг ахъуыды кæны афтæ, æмæ, Къоста ацы ныв скодта йæ уæззау сабидугыл хъуыды кæнгæйæ.

Ныв «Сывæллæттæ дурсæтджытæ». Уыцы дыууæ сывæллоны уæззау куысты уавæртæм, се скъуыдтæ дзаумæттæм кæсгæйæ, цæстыты раз ирдæй сыстынц æппæт хохæгты, тынг дæр та сæ цоты хъизæмайраг царды уавæртæ. Фæлæ ацы сабитæ кæд цыфæнды цардæфхæрд сты, уæд дæр сæ алыварсмæ се 'нæхин цæстытæй кæсынц сæрыстырæй, се 'взонг зæрдæты стыр ныфсы æнкъарæнтæ сæ зынынц ирдæй æмæ бæлвырдæй.

# Презинтаци

Къоста… О, уый æцæг дæр райгуырд æнустæм, никуы ферох уыдзæн йæ ном канд ирон адæмæй нæ, фæлæ ма иннæ адæмыхæттытæй дæр. Мах амондджын дæр стæм нæ рагфыдæлтæй: ис нын æмбисонды тырыса – Къоста. Тынг бирæ уарзта Къоста сывæллæтты, ныффыста цын бирæ æмдзæвгæтæ. Къоста сывæллæттæн фысгæйæ дæр у тохгæнæг, сæрибармæ сидæг.

Æмдзæвгæтæ: «Балцы зарæг»

Цæйут, æфсымæртау,
Раттæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ,
Иры лæппутæ!...

Скæнæм нæ тырыса
Дзыллæйы номæй.
Рухсмæ æнæзивæг
Цомут æнгомæй!..

Растдзинад уарзынæй
Скæнæм нæ фæндаг…
Гъе, мардзæ, магуса!
Фесæф, нæуæндаг!...

## «Æрра фыййау»

Раджы хохы цъуппæй касти
Иу æрра фыййау,
Мигъ æнгом йæ быны бадти,
Урс цагъд къуымбилау.

Бахъазыд дын æм йæ зæрдæ, -
Тæккæ былгæрон,
Дурыл авæрдта йæ къæхтæ:
«Агæпп æм кæнон, -

Загъта, — фос уал ам мæ сæрмæ
Хизæд уæзæгыл,
Æз фæхуысдзынæн изæрмæ
Уыцы бæмбæгыл…»

Дардыл йе уæнгтæ фæхаста, -
Гъопп! — зæгъгæ, йæхи
Пуртийы зыввытт фæласта…
Лæг ныххæррæгъ и!

## «Уасæг»

О, уасæг, уасæг,
Сызгъæрин къоппа!
О, уасæг, уасæг,
Сырхзæлдаг боцъо!
Куыд раджы фестыс,
Куыд хъæрæй зарыс?
Нæ буц лæппуйы
Хуыссын нæ уадзыс!

## « Гино»

Гино, гино, гис!
Иу гæды нæм ис,
Хъарм фæлмæн кæрц дары,
Къонайыл хуыссы,
Аргъуттæ мысы,
Хъал зæрдæй зары.

## «Фæззæг»

Æхсæлы ызгъæлы,
Лæджирттæг фæбур,
Мигъ бады цæгаты,
Нæ йæ тавы хур…

Æркарстам, æрластам
Нæ хортæ, нæ хос…
Чи кусы йæ мусы,
Чи ’лвыны йæ фос…

Хор бирæ, фос бирæ
Хуыцауы фæрцы…
Нæ хохбæсты бæркад
Цы диссаг дæ, цы!

## «Фыдуаг»

О, цъиусур,
Ма мæм дзур!
О, рувас,
Ма мæм уас! –
Хуысгæ ма кæнын.

О, цæргæс,
Ма мæм кæс!
О, тæрхъус,
Ма мæм хъус! –
Кæрдзыныл кæуын!

Ирон адæмы ахсджиаг хъæбул Къостайæн йæ диссаджы зарджытæ, зæрдæбын сагъæстæ айзæлынц зæххы къорийыл.

«Рагон нæртон лæгау зарын куы зонин,

Арвмæ куы хъуысид мæ фæндыры хъазт,-

Дунейы се 'ппæт мæхимæ æрхонин,

Радзурин уыдонæн зæрдæйы маст».

## Зарæг «Цъиу æмæ сывæллæттæ»

Сывæллæттæ

Гъе! Ныр ахст дæ, цъиу, фæлæу,

Нал аирвæздзынæ,

Нал ауадздзыстæм ныр дæу

Махимæ цæрдзынæ!...

Цъиу

Циу, цы, циу? Цы кодтон, ау!

Цас тыхджын рæдыд дæн?

Ауазут ма – мæ фæлтау.

Райхалут мæ бæттæн.

Сывæллæттæ

Нæй, нæй! Ма тæрс, махмæ ды

Хъаны цард кæндзынæ:

Дзул дын тулдзыстæм мыды

Адджын цай цымдзынæ.

Цъиу

Хъаны цард мын уанцон нæу!

Æз уæ цай нæ уарзын,

Уидзын быдыры мæнæу,

Къогъотæ дзы ахсын.

Сывæллæттæ

Уазал у зымæг æддæ,

Махау дын хæдзар нæй!

Ам дæ къалати цæттæ, -

Бафсæддзынæ хъармæй.

Цъиу

Ам зымæг куы вæййы, уæд

Иу хъарм бæстæ зонын!

Къалати сызгъæрин уæд,

Ахæстон æй хонын.

Сывæллæттæ

Курæм дæ, æмæ нæм лæу, -

Бузныг дæ уыдзыстæм;

Мах цард дæр æвзæр цард нæу,

Не схъыг дæ кæндзыстæм.

Цъиу

Нæй, мæ хуртæ, нæй гæнæн!

Уарзут мæ, уый хатын,

Фæлæ тынг зын у мæнæн

Ахæстоны бадын.

Сывæллæттæ

Ох – хай – гъе! Уæдæ дæ маст

Махæн у хъуыдыйаг, -

Атæх цу! Дæ фæндаг раст!

Цæр дæхи фæндиаг!..

Æнæкæрон уарзтæй Къоста уарзта Ирыстоны бæрзонд цъитиджын хæхтæ, Ирыстоны æрдз. Ууыл дзурæг сты не 'мдзæвгæтæ»

Æмдзæвгæтæ:

«Уалдзæг»

Мит тайы, их сайы,
Фæхъулон ис зæхх:
Йæ цæгат фæзæйнад,
Йæ хуссар фæцъæх.

Йæ фæдыл нæ хъæдыл
Фæхæцыд сыфтæр;
Нæ хуымтæ кæндтытæ,
Нæ ласæн Цъыфдæр.

Цырд лæппу гæлæбу
Æрцахста… Зæгъ ын:
Нæ уалдзæг дæ уазæг,
Ныууадз æй цæрын!

## «Сæрд»

Хур судзы… Уырыдзы
Хæрынæн бæззы…
Чи хъæдæй рæгъæдæй
Сырх мæнæргъ хæссы,

Чи халсарæй кæмтты
Æргъæмттæ бæтты…
Хуыскъæлæй, æхсæрæй
Кæм цæуынц рæтты!

Цæвæгæй, мæхъитæй,
Æхсырфæй цæттæ,
Хорз байрай, мæ бæстон,
Кæмдæриддæр дæ!

## «Фæззæг»

Æхсæлы ызгъæлы,
Лæджирттæг фæбур,
Мигъ бады цæгаты,
Нæ йæ тавы хур…

Æркарстам, æрластам
Нæ хортæ, нæ хос…
Чи кусы йæ мусы,
Чи ’лвыны йæ фос…

Хор бирæ, фос бирæ
Хуыцауы фæрцы…
Нæ хохбæсты бæркад
Цы диссаг дæ, цы!

Къостайы фыстытæн рæстæджы бон ницы у. Уый нæ, фæлæ ма, азтæ куыд цыдысты, афтæ ирддæр кæны сæ хъуыды, æфты сæ ахадындзинадыл.

# А-ЛОЛ-ЛАЙ!

Къух дæ ауызын фæразы…
Мæй дæ авдæнимæ хъазы.
Стыр лæг мын ысуай!..
А-лол-лай!..

Ракæндзынæн дын мæ зарæг…
Искуы кæд ысуис мæ дарæг,
Урс уæрыкк дын уон!..
О, мæ бон!..

Зындонæй фыддæр нæ цæрæн…
Нал у ныр дæ фыд йæ сæрæн
Сау хæххон куыстæй…
Ахуысс,цаей!..

Искуы мын куы схъомыл уаис,
Уæд ды дæр дзы цух нæ заис,
Бирæ мын цæрай!..
А-лол-лай!..

Скæнис хъугдзармаей æрчъитæ,
Къахис митбынæй мæхъитæ,
Стонг æмæ сыдæй…
Ахуысс, цæй!..

Сугтæ мын хæссис æргъомæй…
Бадзурин дæм уæд æргомæй:
Мады зæрдæ зон,
О, мæ бон!..

Бадзурин дæм: уарз нæ бæстæ,
Ма цæ суæлдайкæ нæ фæстæ,
Ма цæ бафæллай!..
А-лол-лай!..

Къоста скадджын кодта ирон адæмы ном, сызгъæрин дамгъæтæй йæ ныффыста кады тырысайыл. Махæй æнамонд дæр уæд нæ уыдзæн æмæ искуы уыцы тырыса дæлæмæ куы 'руадзæм.

Æвзонг гуырд нæ зæххыл куы цæра дзæбæхæй,-

Куыд худа сывæллонмæ мидбылты хур,

Быдырæй, къуылдымæй, æгомыг къæдзæхæй

Хæрамæй сæ уæлæ куыд никуы уа мур.

## Презинтаци

## Симд

Абон нæ равдыст кæронмæ æрхæццæ. Фæлæ Къостайы ном уыдзæн кæддæриддæр нæ зæрдæты. Цалынмæ зæххыл ирон адæймаг цæра, уæдмæ æгас уыдзæн Къостайы ном дæр.

Æз куыд ирон æвзаджы хъомылгæнæг, æппæты фыццаг бузныг зæгъын мæнæ ацы гыццыл сывæллæттæн, абон махæн ахæм бæрæгбон чи бацæттæ кодта. Бузныг зæгъын рæвдауæндоны сæргълæууæгæн æмæ кусджытæн.

Стыр бузныг, нæ иннæ фембæлдмæ!

# СИДЗÆРГÆС

Халон баргъæвст сындзыл.
Уад тымыгъ хæссы…
Сау айнæджы рындзыл
Нарыхъæу хуыссы…

Даргъ æхсæв фыдбонæй
Цардудæн хуыздæр…
Рухс цæуы кæронæй, —
Бадынц ма кæмдæр…

Иу зæронд ыскъæты, —
Тас хъæуы уæлдай,
Аззади фæсфæды
Ацы бæстыхай, —

Ма дискæ йæ бадтыл! —
Цуайнаджы уæлхъус
Архайы йæ артыл
Иу саударæг ус.

Артдзæсты кæрæтгы,
Фæныкмæ æнгом
Бадынц сывæллæттæ, —
Чи бæгънæг, чи гом…

Уазал æмæ стонгæй
Бирæгъ дæр тæрсы, —
Удхæссæг æввонгæй
Ахæмтыхæссы…

— Ма кæут, мæ хуртæ, —
Дзуры цæм сæ мад, —
Афыцой хъæдуртæ…
Абадутæнцад!..

Митæйдзаг æхсæлы
Мары фæздæгæй…
Цæстысыг ызгъæлы
Агмæ сусæгæй…

Хъуырмæ схæддзæ хъарæг:
«Дудгæ фæбада
Зæйы бын нæ дарæг,
Мах чи фæсайдта!..

Фондзæй уæ ныууагъта
Иу ныййарæгæн, —
Мады зæрдæ скъахта, —
Царæфтыд фæдæн!..

Зондæй мыл фæтых дæ,
О, мæ лæджы хай, —
Сидзæртæй фæлыгътæ
Ингæнмæ тæргай!..

Буц хъæбул дæм дзуры, —
Сфæлмæцыд йæ мад, —
Махæн дæр дæ цуры
Сцæттæкæ бынат!»

Цæстысыг ызгъæлы
Агмæ сусæгæй…
Митæйдзаг æхсæлы
Мары фæздæгæй…

Бафæлладкæуынæй
Бинонты кæстæр, —
Къонайыл æрфынæй
Адæмы хуыздæр!

Иууылдæр дæ адыл
Тулдзысты, фæлæу! —
Стонг æмæ фæлладыл
Тых хуыссæг кæм нæу!..

— о, гытци кæд уыдзæн?
Райс-ма, цæй, дæ аг!..
-Абадут!.. Фæуыдзæн
Алкæй дæр йæ фаг…

Аг кæлы йæ былтæй, —
«Хъæдуртæ» фыцынц…
Алы ран тымбылтæй
Сидзæртæ хуыссынц…

Стонг æмæ кæуынæй
Лæг куы сфæлмæцы,
Тарф у уæд йæ фынæй, —
Маст æм нал хъуысы.

Лыстæнмæ цæ хаста
Мад йæ хъæбулты,
Адæрсгæ цæ нуæрста
Алы бызгъуырты…

Скодта цæ рæбынæй,
Дæлфæдтæм æрбадт…
Гъай-да-гъа! Кæуынæй
Нал æфсæст сæ мад!..

Сидзæртæн хъæдуртæ
Се хсæвæр хуыдта,
Афтæмæй цын дуртæ
Цуайнаджы фыхта:

Афыцын æфсоны
Байрох уа сæ хæрд…
Стонг æмгъуыд йæ зоны,
Иу сайд ын æгъгъæд!..

# ЧИ ДÆ?

Мыггагæй мæ ма фæрс, —
Уæздан лæг нæ дæн;
Мæ уындмæ мын ма кæс,
Нæ бæззын чызгæн.

Мæ хæдон — четæнæй,
Мæ куырæт — кæттаг,
Мæ цухъхъа — цъæх тынæй —
Нæхи хохбæстаг.

Нымæтхуд, æрчъитæ,
Мæронбаст — уæрдæх…
Фæрсыс ма мæ: чи дæ?
Уæд байхъус дзæбæх!..

Æз райгуырддæн хохы…
Нæ хъæдкъул ыскъæт, —
Ныр дæр мæ нæу рохы, —
Æвгъæддон уыд уæд…



















